

Pou Piblikasyon Imedya: 23/04/2019

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON KANTITE REKÒ VANT VEYIKIL ELEKTRIK  
AVÈK YON OGMANTASYON 63 POUSAN AN 2018**

***Nouvo Analiz Eta Montre Veyikil Elektrik yo Kapab Jenere jiska 5 Milya dola nan  
Avantaj pou Sosyete an pa 2030***

***Nouvo Santral Chajè Rapid nan Ayewopò JFK pou Sèvi Chofè Veyikil Elektrik yo,  
Veyikil Taksi Pataje yo, Bis ak Flòt Eta yo se pi gwo Santral Chajè Rapid ki pa  
Tesla nan Etazini***

***Li Sipòte Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a - Yon Pwogram Enèji ak Anplwa  
Pwòp Ki Se Lidè nan Nasyon an K ap Mete New York sou Wout Netralite Kabòn***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke moun New York yo ap achte veyikil elektrik yo nan yon rit rekò, avèk yon ogmantasyon vant pa 63 pousan an 2018. Kantite veyikil elektrik yo sou wout yo pase a 36,854 an 2018, sòti nan 24,551 an 2017. Yon nouvo rapò pibliye jodi a bay yon analiz pri ak benefis ki montre yon ogmantasyon deplwaman veyikil elektrik nan Eta New York kapab bay jiska 5.1 milya dola avantaj pou sosyete a, tankou ekonomi lajan pou chofè veyikil elektrik yo ansanm ak kliyan sèvis piblik yo. Ogmantasyon itilizasyon veyikil elektrik yo sipòte Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo an, yon ajanda enèji ak travay pwòp ki se lidè nan nasyon an ki mete New York sou yon chemen ki mennen a netralite kabòn ak reyalizasyon objektif eta a pou diminye degajman gaz efè sè yo a 40 pousan pa 2030.

"Pandan ke n ap kontinye elaji enfrastrikti rechaj nou yo atravè eta a, n ap rann li pi fasil epi plis abòdab pou kondwi yon veyikil elektrik nan New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ogmantasyon nan vant veyikil elektrik an 2018 la souliyen non sèlman avantaj ki genyen nan veyikil sa yo, men tou enpak pozitif inisyativ Charge NY nou yo genyen sou kapasite nou pou ale an vè enèji ki plis ekolojik."

"N ap kontinye investi nan enfrastrikti veyikil elektrik nan kominote atravè eta a pou ogmante ak ankouraje itilizasyon yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Ogmantasyon nan vant sa a montre ke inisyativ nou yo mache epi fè yon diferans. Nou angaje nou pou sipòte estasyon rechaj yo ak lòt resous yo pou rann li pi fasil pou deplase ak veyikil elektrik yo epi avanse objektif agresif enèji pwòp nou yo."

Gouvènè a te anonse tou yon nouvo santral chajè rapid nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy ki pral pèmèt taksi yo, veyikil taksi pataje yo, bis yo ak lòt veyikil elektrik yo pou chaje nan 20 minit oswa mwens nan destinasyon prensipal transpò entènasyonal lan.

Analiz veyikil elektrik yo, ki te finanse pa Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), evalye avantaj ak depans yo pou reponn a objektif New York pou ogmante kantite veyikil elektrik yo sou wout yo a apeprè 850,000 pa 2025 ak de (2) milyon pa 2030. Avantaj pou sosyete yo konsidere benefis monetè dirèk, ki pral sikile nan Eta New York antanke yon rezilta tranzisyon an soti nan veyikil ki mache avèk gazolin pou ale nan veyikil elektrik yo, ansanm ak benefis endirèk pou redwi degajman kabòn yo. Analiz la verifye adopsyon veyikil elektrik nan pwendvi pwopriyete veyikil elektrik yo, lòt kliyan sèvis piblik yo ak sosyete a an jeneral, epi si wi ou non benefis ak depans yo te diferan nan twa (3) rejyon eta a - Vil New York/Westchester, Long Island ak rejyon Nò New York - lè w pran an kont diferan kalite to elektrisite ak disponiblite enfrastrikti rechaj yo.

Rezilta yo enkli:

- Motivasyon pou veyikil elektrik yo tankou Rabè Kondwi Pwòp eta a ki te gen siksè epi kredi taks federal yo enpòtan anpil pou soutni yon ogmantasyon nan acha yo, ki reprezante ant 20 ak 35 pousan nan benefis total pou chofè veyikil elektrik yo.
- Avantaj pou sosyete yo varye selon rejyon an, men yo maksimize lè sèvis piblik yo ankouraje pou chaje pandan lè ki gen mwens anbouteyaj yo, monte sòti nan 2.8 milya dola rive nan 5.1 milya dola atravè eta a lè yo ankouraje chaje padan lè ki gen mwens anbouteyaj yo.
- Avantaj pou Sosyete yo ogmante apeprè a 600 milyon dola nan tout eta a lè yo agrandi kantite estasyon rechaj rapid yo paske ekonomi ki soti nan itilizasyon veyikil elektrik yo plis ke konpanse depans adisyonèl estasyon sa yo.
- Depans enfrastrikti rechaj yo reprezante yon pòsyon konsiderab depans sosyal adopsyon veyikil elektrik yo, apeprè 6 milya dola jiska 2030. Redwi depans sa yo atravè inovasyon oswa lòt mwayen t ap ogmante benefis adopsyon veyikil elektrik yo.
- Nan chak rejyon, ogmantasyon nan revni bòdwo sèvis piblik yo ki sòti nan veyikil elektrik adisyonèl yo plis pase depans pou bay machin yo elektrisite, pou jiska 4,500 dola pou chak veyikil. Rapò a suiv modèl senaryo yo ki te jwenn ke sèvis piblik yo kapab investi pou ogmante adopsyon veyikil elektrik pandan ke y ap toujou pèmèt kliyan yo fè ekonomi.

Analiz la vini touswit aprè moun New York yo ki achte plis veyikil elektrik nan yon ane plis pase anvan - yo te vann plis pase 16,000 veyikil elektrik an 2018, apeprè 60 pousan plis pase an 2017. Ogmantasyon an se rezilta plizyè inisyativ ki te lanse anba Charge NY, inisyativ Gouvènè Cuomo a pou mete plis veyikil ak kamyon elektrik sou wout yo epi enkli:

- EVolve NY, yon inisyativ pou adrese twou vid ki genyen sou mache yo nan enfrastrikti rechaj yo pou akselere adopsyon veyikil elektrik ak deplwaman chajè rapid yo nan koridò ki gen anpil trafik yo atravè eta a. Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) angaje jiska 250 milyon dola jiska 2025 pou inisyativ sa a. Nouvo chajè JFK yo konsevwa ak enstale avèk Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey) kòm yon pati nan pwogram EVolve NY la. Nouvo santral chajè ayewopò an pral gen ladan 13 chajè rapid 150kw kouran dirèk (DC) k ap kreye pi gwo santral chajè ki pa Tesla

nan peyi a. Dis (10) nan chajè JFK yo pral enstale nan yon pakin telefòn selilè ke piblik la, chofè taksi pataje yo, taksi yo, ak pwòp flòt Otorite Pòtyè a itilize. Twa (3) lòt chajè pral nan yon pakin sou kote epi y ap itilize sèlman pa bis elektrik Otorite Pòtyè yo. Avansman sa a pral ajoute sou chajè ki gen vitès mwayèn (Nivo 2) ki deja nan garaj estasyonman andedan ayewopò yo. Pwogram EVolve la pral deplwaye jiska 200 chajè rapid, sa ki pral pèmèt chofè yo chaje nan yon titan piti tankou 20 minit, nan plis pase 50 kote toutolon Thruway Eta New York la, lòt gwo koridò ki gen anpil trafik yo ak nan senk (5) pi gwo vil New York yo.

- Rabè Kondwi Pwòp la, ki bay rezidan New York yo yon rabè jiska 2,000 dola pou lokasyon oswa acha yon nouvo veyikil elektrik. NYSERDA deja bay plis pase 14,000 rabè nan kad inisyativ 70 milyon dola sa a.
- Charge Ready NY, ki bay 4,000 dola pou chak pò chajman veyikil elektrik yo pou anplwaye piblik oswa prive yo, pwopriyete bilding yo, minisipalite ak òganizasyon san bi likratif yo pou yo enstale estasyon rechaj Nivo 2. NYSERDA ap bay 5 milyon dola pou inisyativ sa a pou yon total 1,250 nouvo pò chajè.
- Rabè pou minisipalite yo pou acha oswa lokasyon veyikil elektrik. Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC) gen 300,000 dola ki disponib pou pwogram sa a.

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,**

"Analiz sa a rann li klè ke nou sou bon wout la ki dekri nan Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a epi li montre ke New York ap pouswiv bon chemen an lè li ogmante kantite estasyon rechaj veyikil elektrik yo toupatou nan eta a pandan l ap sipòte nouvo fason inovatè pou diminye depans ki asosye yo. Atravè efò plizyè volè New York yo, nou pral kontinye investi nan veyikil elektrik pou rive atenn objektif rediksyon degajman gaz efè sè nou yo ak avanse avni enèji pwòp nou an".

**Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare,** "Avèk plis pase 13 milyon vwayaj nan machin patikilye k ap fèt ozalantou ayewopò JFK chak ane, nouvo sant rechaj wot vitès Veyikil Elektrik (Electric Vehicles, EV) a gen potansyèl pou l sèvi chofè EV yo ki nan yon reyon 322 kilomèt de Vil New York. Inisyativ EVolve NY NYPA a pral fè li posib pou chofè veyikil elektrik yo vwayaje nan eta nou an soti nan ayewopò a pou rive nan Adirondacks yo. NYPA ap investi nan enfrastrikti EV nan tout eta a pou ke kondwi pwòp vin chwa entelijan an pou plis konsomatè epi nou menm, ansanm, ka ede diminye degajman gaz efè sè yo ki gen rapò ak transpòtasyon epi gen yon enpak pozitif sou anviwònman ak klima nou an kounye a ak nan lavni".

**Komisè Otorite Pòtyè New York ak New Jersey Rick Cotton te di,** "Nan kad angajman kontinyèl nou pou dirabilite, Otorite Pòtyè a kontinye pran gwo mezi pou diminye degajman gaz efè sè yo ak sipòte anviwònman an. Nouvo santral rechaj rapid la nan Ayewopò Kennedy pral rann li pi fasil pou kliyan, anplwaye ak patnè ki nan ayewopò nou yo entegre fasilman veyikil elektrik nan lavi chak jou yo pandan ke n ap avanse anvè yon avni enèji pwòp".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, te deklare,** "Ogmantasyon enpòtan nan moun New York k ap kondwi veyikil elektrik se yon siy klè ke moun yo rekonèt chanjman a yon EV se yon bon fason pou ekonomize lajan ak konbat chanjman klimatik. Plan Gouvènè Cuomo pou atenn netralite kabòn lan anbisye, men li posib, epi New York

kontinye trase chemen an nan fè li pi fasil pou chofè yo konekte nan estasyon rechaj yo atravè eta a. DEC ap kontinye sipòte efò sa yo ak investisman nou yo pou asire ke enèji pwòp se yon reyalyite nan New York".

**Direktè Egzekitif pa Entèrim Otorite Thruway, Matthew J. Driscoll, te deklare,** "Nou fyè pou sipòte misyon Gouvènè Cuomo pou rann li pi fasil ak pi abòdab pou kondwi yon EV nan New York nan investi nan transpòtasyon pwòp e nan ogmante kantite estasyon rechaj veyikil elektrik nan zòn sèvis Thruway yo, Sant Akèy yo ak pakin pasaje ke Thruway posede yo. Nan agrandi aksè a estasyon rechaj rapid atravè eta a, pwopriyete EV yo pral kapab vwayaje 917-kilomèt sistèm Thruway nou an san yo pa enkyete pou distans pwochen chajè yo ye".

**Manm Asanble a Michael Cusick, ki se Prezidan Komite Enèji Asanble a (Assembly Energy Committee), te deklare,** "Mwen fyè de pwogrès New York te fè nan akeyi veyikil elektrik yo epi anons jodi a plis demontre ki jan li enpòtan. Pandan ke depans yo ap diminye epi enfrastrikti yo ap bati, mwen kwè ke demann New York lan ap kontinye kondwi avansman teknolojik ak vyabilite ekonomik nan endistri sa a".

Sektè transpò a se youn nan pi gwo pwodiktè enèji ki gen rapò ak degajman gaz a efè sèr yo nan New York. Konpare ak machin ki alimante ak gazolin yo, machin elektrik yo pi efikas sou plan enèji epi yo koute anviwon 50 a 70 pousan mwens pou kouri pa kilomèt. Nan 31 Desanm 2018, te gen plis pase 3,200 estasyon rechaj veyikil elektrik enstale nan tout eta a.

Pou plis enfòmasyon sou Charge NY 2.0, vizite [paj entènèt Charge NY 2.0](#) oswa [paj wèb sèvis NYPA EV](#).

Yo ka aksede analiz pri ak benefis konplè a [isit la](#).

### **Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la**

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Andrew M. Cuomo a, ki se kalandriye enèji pwòp ak travay ki ap mennen nan nasyon an, pral agresivman mete Eta New York sou yon wout pou ale nan netralite kabòn sou tout ekonomi an. Inisyativ sa a pral ofri yon tranzisyon ekitab anvè enèji pwòp, sa ki ap estimile kwasans ekonomi ekolojik la, epi, mande pou New York itilize 100 pousan enèji pwòp ak san kabòn apati 2040, ki se youn nan objektif ki pi agresiv nan Etazini. Pilye nouvo manda yo fèk pwopoze sa a ap yon ogmantasyon konsiderab ki ap genyen nan kad inisyativ Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) ki reyisi New York la pou rive 70 pousan kouran renouvlab apati 2030.

Kòm pati ogmantasyon enèji renouvlab san presedan sa a, New York te deja investi 2.9 milya dola nan 46 gwo pwojè enèji renouvlab yo atravè Eta a, pandan li ap ogmante siyifikativman objektif enèji pwòp li yo, tankou: kwadriple objektif enèji ewolyèn New York la jiska 9,000 megawat antanke lidè nan nasyon an bò 2035 ; double deplwaman enèji solè ki distribiye a jiska 6,000 megawat bò 2025; epi deplwaye 3,000 megawat estokaj enèji bò 2030. Pou sipòte travay anbisye sa a, NY Green Bank gen entansyon pou itilize ekspètiz li pou simonte defisi finansye yo pou ankouraje pi gwo enpak anviwònmanal pou chak dola piblik nan kolekte plis pase 1 milya dola nan fon tyès pati

yo pou agrandi disponibilite finansman pou klima nan tout New York ak rès Amerik di Nò a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)